



Pou Piblikasyon Imedya: 06/08/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PASAJ RÈGLEMAN IJANS KI VIZE NAN LAVANT MARIGWANA SENTETIK

Ogmantasyon dis fwa Ijans Medikal nan marigwana sentetik pandan ete sa a nan ane ki sot pase a

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse pasaj règlemantasyon Ijans Depatman Sante pou konbat lavant kanabinoyid sentetik nan Eta New York. Règlemantasyon ki pi sevè elaji lis ki egziste deja nan sibstans ki entèdi pou enkli nouvo konpoze chimik ke pwodiktè dwòg yo te fè depi Gouvènè Cuomo te premye sible sa ki rele marigwana sentetik nan 2012. Aksyon jodia se yon repons nan yon ogmantasyon dramatik ak danjere nan ijans medikal toupatou nan Eta New York pandan ete sa a.

“Evolisyon dwòg sentetik se yon risk sante alamant – e nou alavangad nan lit la,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Eta a pral kontinyèlman idantifye konpoze yo kap parèt kap mete itilizatè yo andanje epi agresivman diminye sou founisè yo nan fason pou retire dwòg sa yo nan men Nouyòkè yo.”

Ant 7 jen ak 1ye Out, Eta New York te eksperimente yon ogmantasyon dis fwa plis pandan mnem peryòd la ane pase nan vizit ijans depatman (plis pase 2,300) ak apèl nan sant kontwòl pwazon (plis pase 300) nan efè negatif sante akòz marigwana sentetik. Nasyonalman, te genyen 15 ka lanmò ke yo te rapòte nan sant kontwòl pwazon pandan janvye jiska me 2015. Yo poko anrejistre lanmò nan Eta New York.

Mezi ijans ajoute de lòt kategori konpoze nan lis sibstans ki entèdi, sa ki potansyèl man enkli plizyè santèn diferan pwodui chimik danjere. Konsèy Planifikasyon Sante ak Sante Piblik te apwouve alinanimite jodia, sa ki kenbe yon laj varyete manm konsèy konsiltatif ak desizyonèl osijè sistèm livrezon swen sante ak sante piblik Eta New York.

Komisyone Sante Eta New York Dr. Howard Zucker te deklare, “Twòp moun te kontinye viktim marigwana sentetik e nou dwe fè tout sa nou kapab pou n retire dwòg sa yo nan lari New York. Nouvo règleman sa yo ranfòse kapasite nou pou lite kont moun kap pwodui epi vann sibstans danjere sa yo nan elaji lis konpazan chimik ki entèdi yo.”

Nouvo règleman yo se dènye nan yon seri efò Gouvènè a te deplwaye pou lite kont itilizasyon jeneralize ak mòtèl marigwana sentetik. Depatman Sante te entèdi lavant ak posesyon kanabinoyid sentetik ak sèl pou benyen sou demann Gouvènè Cuomo nan

out 2012 e depi lè sa, pwodiktè kanabinoyid sentetik yo te eseye kontoune règleman New York yo nan devlope nouvo pwodui chimik ki pa spesifikman idantifye nan règleman ki egziste deja yo.

Komisyonè Biwo Eta New York pou Alkòl ak Abi Sibstans Arlene Gonzalez-Sanchez te deklare, “ Itilizasyon Marigwana sentetik poze yon menas grav pou sante Nouyòkè yo e li te lakoz ke anpil moun fè tèt yo mal epi angaje nan konpòtman iregilye danjere. Li esansyèl ke nou kontinye travay pou n retire dwòg sa yo nan lari a. Règleman elaji sa yo fè sa nan ranfòse kapasite New York pou pouswiv sila yo kap kreye epi vann sibstans danjere sa yo.”

Itilizatè melanj sentetik sa yo pa kapab sèten nan ki fason dwòg yo pral deranje yo, men itilizatè yo te eksprimante sentòn tankou malfonksyonman ren, arè batman kè, tansyon wo, endispozisyon, konpòtman vyolan, noze, vomisman, latranblad, kriz, alisinasyon, paranoya, ajitasyon, angwas, e menm lanmò. Efè sa yo kapab menm jan avèk sa yo ki nan fansiklidin, oswa PCP.

Kanabinoyid sentetik komèsyalize kòm legal e li konpoze jeneralman de materyèl ki fèt avèk plant ki kouvri pa pwodui chimik ki sipoze imite THC, konpoze chimik aktif nan marigwana. Dwòg yo komèsyalize tankou lansan, melanj a baz plant, oswa popouri nan fason pou maske objektif yo. Non lari pou sibstans sa yo se Spice, K2, Green Giant, Smacked, Wicked X, AK-47, Geeked Up, Ninja, Caution, Red Giant, ak Keisha Kole.

Yon pwopriyete yon etablisman ansanm avèk nenpòt lòt moun ki posede, distribye, vann oswa ofri lavant dwòg sentetik ki entèdi, an vyolasyon règleman yo ap sijè a penalite kriminel enkli yon amann jiska \$500 ak/oswa jiska 15 jou nan prizon. Nouvo penalite sivil yo pral enkli yon amand ki ka rive \$2.000 pou chak vyolasyon. Depatman Sante a ap kontinye kolabore avèk lapolis Eta New York ansanm avèk lòt ajans yo kap fè respekte lalwa pou diminye sou itilizasyon dwòg sentetik sa yo jan yap evolye.

Règleman sa yo pral antre an vigè lè yo fin resevwa epi depoze nan Depatman Eta.
Règleman yo disponib nan entegralite yo [la](#).

Si ou okouran sou kote yo fè pwodui sa yo, vann, oswa distribye, tanpri rele Liy Dirèk Dwòg Sentetik nan 1-888-99-SALTS (1-888-997-2587). Wap jwenn enfòmasyon adisyonèl sou kanabinoyid sentetik disponib [la](#).

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen fanmi ki gen difikilte, ka rele oswa voye tèks nan liy gratis Eta, 24-èdtan, 7-jou pa semèn HOPEline, 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369). HOPEline gen anplwaye klinisyen ki fòme epi pare pou reponn kesyon ansanm avèk ofri referans tretman. Resous adisyonèl yo disponib atravè sitwèb NYS OASAS [la](#). Wap jwenn yon lis founisè ki bay tretman nan Eta New York disponib [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418